



WAKIL BUPATI WONOSOBO

MEDHARSABDA WAKIL BUPATI WONOSOBO ING ADICARA TANGGAP WARSA KECAMATAN KALIBAWANG KAPING 22 WARSA 2025

SABTU PAHING, 19 JULI 2025

Assalamu'alaikum Warohmatullohi Wabarokatuh,
Katentreman, Kabagyan, Berkah soho Rahmat saking
Gusti Inggang Moho Agung mugi tansah tumedhak
tumanduk, kajiwo lan kasaliro ing panjenengan sedoyo
waradin sagung kulowargo widodo niskolo lulus
Raharjo.

- Poro sesepuh miwah pinisepuh inggang kinabekten.
- Camat Kalibawang miwah Jajaran Forkopimcam inggang sinudarsono.
- Poro 'alim ulama miwah poro wimpuno inggang satuhu luhur ing budi.
- Poro Kepala Desa/Kelurahan soho jenjang perangkatipun miwah BPD sakecamatan Kalibawang inggang sinanding kayuwanan.

- Kepala UPT, Ketua PGRI, Kepala Sekolah sinartan poro Guru sakecamatan Kalibawang ingkang kinuwung kabagas kwarasan.
- Poro Purno Karyo, wiwit poro mantan Camat dumugi eks aparatut Pamarentahan Kalibawang ingkang winantu ing kawilujengan
- Datan katalumpen poro pasarto upocoro, aparatut pamarentahan tuwin pametri budoyo miwah tamu sinedahan ingkang tansah cinaket ing manah.

Pinuwakan sesarengan samyo manungku pujo wonten ngarsaning Gusti Kang Murbéng Dumadi, awit saking paringipun Rahmat awujud kasarasan tuwin kalodhangan satemah panjenengan sedoyo lan kulo saget kempal manunggal ing papan meniko tanpo pambengan satunggal menopo, Sholawat lan salam tansah linuberno konjuk Nabi Agung Muhammad s.a.w ingkang karantu safangatipun tumêkaning yaumul kiyamah,....Aamiin.

Sanak sêdherek sedoyo kemawon ingkang sanget kulo trêsnani,

Datan katalumpen ingkang badhe kulo aturaken, namung ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpo pepindhan dhumateng jajaran Kecamatan Kalibawang, TNI, Polri, poro Kades, Guru lan sedoyo Wargo ing tlatah Kecamatan Kalibawang, awit poro sanak sedherek sedoyo saget sami nyengkuyung lan rawuh kangge nêtêpi ulêman saking panawung kridho utawi panitia Tanggap Warso

kaping 22 (kalih likur) Kecamatan Kalibawang. Ugi ngaturaken agunging panuwun tanpo winates dhumateng sedoyo wargo ingkang sampun paring panyengkuyung program pamarintah Daerah Kabupaten Wonosobo, satemah program-program ingkang sampun karantam saget lumaksono kanthi gangsar, nir sambekolo temah saget sembodo ing karyo.

Rawuh lan panyengkuyung panjenengan sedoyo minongko wujud nyoto saking semangat gotong royong lan tengen utawi peduli kalayan majuning saweneh tlatah ingkang bakuh ing madyaning masyarakat. Awit saking sewenehing sinergi lan kolaborasi ingkang sae lan trep, maneko warni program Pemerintah Kabupaten Wonosobo saget kaleksanan kanthi gangsar, tatas, titis lan miguna kangge sedoyo wargo masyarakat.

Kecamatan Kalibawang, dumugi dinten meniko sampun ganep 22 (kalih likur) tahun. Pramilo kasuwun dhumateng wargo masyarakat Kalibawang samyo gumrégah maju, derek lajuning jaman ingkang cêpêt sanget lan tinarbuko, wontenipun owah gingsire jaman namung budidoyo amrih langkung unggul lan lestari.

Ing sisih sanesipun, Pemerintah Kabupaten Wonosobo taksih nggadahi gegayuhan ingkang ageng kangge warataning wangunan, mirunggan inggih wangunan kangge saroni lan prasarono fasilitas umum. Kaajab wargo

masyarakat ugi derek kekiprah, boten namung ing kepyakanipun ugi ing wekdal ngramut utawi ngrawat.

Awit saking meniko, monggo samyo sesarengan jogo lan ngrawat wangunan ingkang sampun kaleksanan, murih manfaatipun saget murakabi dhumateng generasi ing tembe burine.

Sanak sedherek miwah tamu sinedhahan ingkang kalinggo kawilujengan,

Wonten sawetawis prekawis wigati ingkang prêlu kawigatosan mirunggan Pemerintah Kabupaten Wonosobo, antawisipun nun inggih Anak Tidak Sekolah (ATS). Ngadhepi masalah meniko, sampun tartamtu dados tanggung jawab kulo lan panjenengan sedoyo.

Awit saking meniko kasuwun sedoyo masyarakat Kalibawang saget kinaryo patuladhan anggen paring panyengkyung lan mestekaken lare lare saget nimba ngilmu, sae jalur formal menopo dene non-formal, sarto nyiptakaken lingkungan ingkang nyengkuyung proses belajar-mengajar. Kanthi meniko, boten wonten malih lare lare ingkang ketinggalan babagan pendidikan, lan generasi Kalibawang tembene badhe dados generasi ingkang cerdas, mandiri, lan berdaya saing.

Wonten ing kalodhangan meniko ugi prêlu kulo aturaken, bilih Kecamatan Kalibawang sampun wiwit katingal undhakanipun ing sawenihing bidang, kadosto

bidang pendidikan, bidang ekonomi, bidang perdagangan, lan sanesipun. Pramilo kasuwun Jajaran Kecamatan lan Dinas / Instansi Kecamatan miwah poro perangkat pamarentahan saget mundhut intisari pengetan ambal warso meniko kanthi tansah biwarakaken guno lan manfaat wontenipun BAZNAS (Badan Amil Zakat Nasional) jumbuh kalayan Undang Undang nomor 23 (*dua puluh tiga*) tahun 2011 (*dua ribu sebelas*), ingkang nggadahi ayahan ngelola Zakat, Infak lan Sedekah ing tingkat Nasional.

Awit kiprah BAZNAS ing daerah menopodene tingkat Nasional saget ngirangi gunggung angka kemiskinan, murih wargo masyarakat tansoyo raharjo. Ugi kangge sedoyo wargo masyarakat ing Kecamatan Kalibawang saget ngatur utawi ngelola sampah kanthi samestinipun, murih saget migunani kangge kesejahteraan masyarakat, babagan meniko saget kawiwitan saking klompok Ibu-ibu TIM Penggerak PKK ing wewengkon RT lan RW kadosto nggiataken Bank Sampah. Sedoyo kolo wau saget kacongah lan saget nambah kasiling pangupo jiwo kangge kulowargo kanthi ngukuhaken tembayatan utawi sinergi antawis Pamarentah kalayan wargo masyarakat, lumantar dinas dinas terkait.

Jumbuh kalayan tema Ambal Warsa Kaping-200 Kabupaten Wonosobo **DWI ABAD WONOSOBO “KUKUH ING TEMBAYATAN, UNGGUL ING SAMUKAWIS. TUMUJU WONOSOBO RAHARJO, ADIL lan MAKMUR”**,

Poro wargo ingkang satuhu sutresno ing budi,

Kanthi péngêtan ambal warsa Kecamatan Kalibawang kaping 22 (kalih likur) meniko, hamung derek dedongo konjuk ngayunan Gusti Inkgang Moho Agung dhumateng sagung wargo Kecamatan Kalibawang tansah pinaringan kewarasan, wargo Kecamatan Kalibawang pinaringan ombering Rizki, dados laladan ingkang cekap sandhang lan pangan, ugi dados laladan Panjang punjung loh jinawi. Karto, toto lan Raharjo.

Kasuwun masyarakat Kecamatan Kalibawang saget derek kekiprah mangun projo midherek kaprigelan lan kuwasisan murih Wonosobo ingkang berdaya saing, maju, lan raharjo. Kasuwun ugi saget ngundaken tengen ing pangrungon, lungid ing pangroso babagan sosial masyarakat, temah saget sesarengan, dayan dinayan antawis Pamarentah Daerah kalayan Masyarakat. Panjenengan sedoyo saget tembayatan, lung tinulung, mad sinamadan, guyub rukun antawis warga masyarakat sanesipun, kangge ngrampungken panggawe soho pradongdi ing Daerah. Tanemaken ing sanubari panjenengan sedoyo guyub rukun miwah kesadaran kangge tembayatan satemah saget lumampah sesarengan.

Raharjaning wargo masyarakat saget kajongko kanthi tansah Guyub Rukun, Mad sinamadan ingkang sinergis antawis sedoyo elemen masyarakat lan Pamarentah Daerah. Dirgahayu kaping 22 (kalih likur) Kecamatan Kalibawang

hanyrambah Ambal Warso kaping 200 (kalih atus)
Kabupaten Wonosobo.

Makaten ingkang saget kulo aturaken, wonten salah
pangucap miwah jangkah sepacak ingkang linggar ing
bebener, nyuwun diagung pangapunten.

Kanthi kulo pungkasi “NIRMOLO, NIRBOYO, NIR
SAMBIKOLO HANGGAYUH KALIBAWANG KANG
RAHARJO”

Nuwun matur nuwun,

Billahi taufiq wal hidayah.

Wassalamu’alaikum Warohmatullohi Wabarokatuh

WAKIL BUPATI WONOSOBO

Ttd

AMIR HUSEIN